



Garbage to Garden



City of Somerville

Enskri pou Pwogram Pilòt Ranmasaj Fatra Manje Somerville

Ranmasaj bò twotwa chak semèn san peye nan jou yo abitye ranmase fatra ou.

Pwogram pilòt la pral ofri ranmasaj fatra manje san peye pou kèk grenn kay. Kay ki kalifye yo dwe:

- sitiye nan katye kote pwogram pilòt la ap fèt la
- sitiye nan yon bilding ki gen 6 inite oswa mwens
- pa deja gen yon abònman ranmasaj materyèl òganik dekonpoze bò twotwa ki aktif



Moun ki gen andikap ki bezwen sèvis ADA (Lwa Ameriken sou Moun ki gen Andikap) pou patisipe nan pwogram sa a, tanpri kontakte 311 (617-666-3311)

Si ou bezwen èd pou tradui oswa konprann enfòmasyon sa yo, tanpri rele 311 (617-666-3311) oswa kontakte nou nan languageaccess@somervillema.gov. Vil Somerville ka ba ou yon entèprèt san peye.

Vil Somerville ap ofri yon pwogram pilòt pou yon tan limite pou ranmasaj fatra manje bò twotwa pou kay ki kalifye. **Patisipasyon an volontè epi gratis.**

Poukisa se materyèl òganik dekonpoze?

-  Redui fatra
-  Redui move sant nan fatra
-  Pwoteje fatra manje kont rat
-  Transfòme fatra manje an tè
-  Redui polisyon klimatik ki soti nan fatra manje
-  Sipòte pwogram lokal yo

Kay ki patisipe yo pral resevwa yon resipyan pou kwizin, yon poubèl pou bò twotwa, yon woulo sak, ak materyèl edikatif san peye.

Nou pral ranmase poubèl materyèl òganik dekonpoze bò twotwa a nan jou regilye ranmasaj fatra ak resiklaj ou.

Plas yo limite. Dekouvri si kay ou kalifye jodi a!



mais informações | más información
plis enfòmasyon | थप जानकारीका लागि
了解更多信息 | 了解更多資訊

GEN PLIS ENFÒMASYON SOU

somervillecomposts.com

(617) 977-4547